

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh maké modél pangajaran *Experiential Learning* kaasup teu nyugemakeun. Katitén tina aspék peunteun eusi carita, organisasi karangan, kosa kecap, adegan basa, jeung mékanik anu ngahasilkeun rata-rata *pretest* nu di cangking ku siswa nya éta 65,3, hartina siswa can mampuh nulis karangan éksposisi. Tina jumlah 30 siswa, 25 siswa meunang peunteun <75 kaasup kana katégori can mampuh nulis karangan éksposisi, sedengkeun 5 siswa atawa siswa meunang peunteun >75 kaasup kana katégori mampuh nulis karangan éksposisi. Peunteun anu pangluhurna anu dicangking ku siswa nya éta 82, sedengkeun peunteun pangleutikna 51,5.

Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada maké modél pangajaran *Experiential Learning* kaasup nyugemakeun. Katitén tina aspék eusi carita, organisasi karangan, kosa kecap, adegan basa, jeung mékanik anu ngahasilkeun rata-rata *posttest* nu di cangking ku siswa nya éta 76,9, hartina siswa mampuh nulis karangan éksposisi. Tina jumlah 30 siswa, 4 siswa meunang peunteun <75 kaasup kana katégori can mampuh nulis karangan éksposisi, sedengkeun 26 siswa meunang peunteun  $\geq 75$  kaasup kana katégori mampuh nulis karangan éksposisi. Peunteun anu pangluhurna anu dicangking ku siswa nya éta 85, sedengkeun peunteun pangleutikna 65,5.

Ningkatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Experiential Learning* bisa katitén tina rata-rata hasil *pretest* nu di cangking ku siswa nya éta 65,3% sabada *posttest* ningkat jadi 76,9%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran *Experiential Learning* dina kamampuh nulis pangalaman pribadi téh nya éta 11,6%.

Hasil uji hipotésis tina rata-rata *pretest* jeung *posttest* nuduhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $10,46 > 2,46$ , hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hal jadi bukti yén modél *Experiential Learning* bisa ningkatkeun kamampuh karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Experiential Learning*.

## 5.2 Implikasi

Modél *Experiential Learning* dilarapkeun pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017 nu ngahasilkeun implikasi panalungtikan ieu di handap.

- 1) Larapna ieu modél meunang sawangan anu positif, boh ti siswa boh ti guruna.
- 2) Miboga motivasi pikeun ngébréhkeun gagasanana dina wangun tinulis.
- 3) Kritis, jeung aktif dina ngébréhkeun kamandangna ngeunaan hiji pasualan, sarta ngarojong jeung ngamekarkeun prosés mikir anu kreatif.
- 4) Parigel dina ngamekarkeun eusi karangan.
- 5) Maham kana éjahan basa Sunda, parigel ngawangun jeung ngalarapkeun kalimah dina paragraf; jeung
- 6) parigel milih kecap anu merenah keur ngébréhkeun maksud dina hiji kalimah.

## 5.3 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan modél *Experiential Learning* dina nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung taun ajaran 2016/2017, ieu di handap dijéntrékeun sababaraha saran.

- 1) Hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun nuduhkeun yén modél *Experiential Learning* bisa ngaronjatkeun nulis karangan éksposisi siswa. Ku kituna, ieu modél bisa dijadikeun salah sahiji alternatif ku guru pikeun modél pangajaran nulis, hususna dina pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas.

- 2) Upama maké modél *Experiential Learning* dina pangajaran nulis, murid diperedih kritis, aktif, kréatif, jeung inovatif dina nyanghareupan sagala pasualan nu bakal karandapan. Sangkan éta hal bisa kahontal, ieu modél bisa dipaké sangkan murid bisa ngawangun pangaweruh jeung kaparigelan sacara aktip tur kreatif sabab pangalaman miboga peran nu utama dina prosés pangajaran.
- 3) Ku lantaran dina ieu panalungtikan ukur dilaksanakeun di SMPN 3 Bandung jeung maké métodeu kuasi ékspérimén dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa di kelas, ku kituna dipiharep kudu aya nu deui panalungtikan lanjutan anu bisa mekarkeun modél *Experiential Learning* nu leuwih jembar hususna pangajaran basa Sunda.